



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AKÒDE 9.5 MILYON DOLA NAN KAD INISYATIV DEVLOPMAN MENDÈV ISTORIK NEW YORK LA

*75 biznis, lekòl ak òganizasyon kominotè pral resevwa finansman pou devlopman mendèv*

*Sibvansyon yo pral finanse fòmasyon pou konpetans sou demann yo pou apeprè 5,000 Nouyòkè*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke apeprè 75 biznis, lekòl ak òganizasyon kominotè nan tout eta a te resevwa apeprè 9.5 milyon dola nan kad Inisyativ Devlopman Mendèv (Workforce Development Initiative, WDI) istorik eta a. Finansman ak ankourajman Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Empire State Development ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) bay yo pral sipòte fòmasyon travay enpòtan ak opòtinite travay nan endistri ki gen gwo demann yo pou apeprè 5,000 Nouyòkè nan Eta a.

"Lè kriz COVID-19 la te frape epi ekonomi New York te pran yon faz pou vin pi mal, Inisyativ Devlopman Mendèv Eta a te vin ankò pi enpòtan pou objektif alontèm nou ki se asire tout moun, kèlkeswa orijin lan, gen aksè ak yon bon travay", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "N ap bay yon pi gwo opòtinite ekonomik pou Nouyòkè yo ak abòde nesesite dafè konpayi yo ki angaje pou devlope isit la, epi prim sa yo pral ede konpayi yo nan tout eta a fòme travayè nan konpetans ki negosyab sou mache a ke yo kapab itilize pou jwenn bon travay ak ede ekonomi New York la avanse."

"Enpak ekonomik COVID-19 la te konplètman chanje espas travay tradisyonèl la, epi nou bezwen yon estrateji pou fòmasyon travay ki reflete anviwònman k ap chanje a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Kòm prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) Eta New York la, mwen fyè dèské Inisyativ Devlopman Mendèv nou an pral kontinye kenbe eta nou an devan epi kreye yon avni apre pandemi ki pi enklizif kote opòtinite aksesib pou tout Nouyòkè yo."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) New York la jwe yon wòl kle nan rekòmande aplikasyon pou finansman, sou baz bezwen ak opòtinite ekonomik rejyonal yo. Biznis ak òganizasyon yo k ap resevwa prim pou Devlopman Mendèv gen ladan:

- **Reyon Kapital:** SUNY Adirondack; Sysco Albany LLC; Youth FX Inc.
- **New York Santral:** Advocates; Catholic Charities of the Roman Catholic Diocese of Syracuse; D&W Diesel Inc.; Oswego County; Responsive to Our Community; Specialized Distribution Solutions
- **Finger Lakes:** Lifetime Assistance; Rochester Institute of Technology; Rochester Rehabilitation Center, Inc.; Seneca Cayuga Yates Counties Chapter NYSARC Inc (DBA Mozaic); Turner Underground Installations
- **Long Island:** Adults and Children with Learning and Developmental Disabilities Inc.; AVNA Global Inc; East End Disability Associates Inc; Family Residences and Essential Enterprises Inc (FREE); Infinity Drain; Nassau Community College; Nicholas Center; NYIT; Spectrum Designs Foundation; Viability Inc.
- **Mid-Hudson:** Ability Beyond Disability, Inc.; Choice Films at Umbra Stages; Greyston Foundation, Inc.; Westchester Medical Center Health Network
- **Mohawk Valley:** Advanced Tool Inc., Northland Telephone Systems Ltd. DBA Northland Communications
- **Vil New York:** BioBus, Inc; Brooklyn Communities Collaborative; Building Skills NY; City College of New York ; Cresilon, Inc.; Cureatr, Inc.; East Side House, Inc.; Envisagenics, Inc.; Fesarius Therapeutics, Inc.; Grace Institute of New York; Henry Street Settlement; Kinnos; Lucerna, Inc.; NPower Inc.; NYCDCC Apprenticeship Journeyman Retraining Educational & Industry Fund; Quadrus Medical Technologies; Redesign Science, Inc.; Reel Stories Teen Filmmaking Inc.; Rockaway Development & Revitalization Corporation; Roulette Intermedium; Roundabout Theatre Company, Inc.; Sephardic Bikur Holim; SoHarlem; Steven Winter Associates and Allied Partners Residential Management; STRIVE International Inc.; Sunnyside Community Services; Thomas White Jr Foundation Inc.; Upwardly Global; Vant AI, Inc.; XL Batteries; Youth Action YouthBuild
- **North Country:** Alcoa USA Corporation; Jefferson-Lewis BOCES; North Country Chamber of Commerce; North Country Workforce Partnership, Inc.; Ready4Real ETS
- **Southern Tier:** Broome County Urban League; Broome Tioga Workforce; Buckingham Manufacturing Co Inc.; Fortitude Industries Inc.; Owego Apalachin Central School District
- **Reyon Lwès New York:** Catholic Charities of Buffalo NY; Fresenius Kabi; Mercy Flight

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare,** "Pandan n ap vanse nan yon ekonomi apre pandemi, ESD fyè pou patisipe avèk lòt ajans yo nan eta a nan kontinye sipòte inisyativ devlopman mendèv istorik Gouvènè Cuomo a. Gide dapre Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, finansman sa a ede prepare Nouyòkè yo pou nouvo opòtinite travay ak devlope yon fason estratejik kanalizasyon talan pou satisfè nesesite biznis nou yo ak endistri nou an".

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te di**, "Sipò kontinyèl Inisyativ Developman Mendèv Gouvènè Cuomo a pi enpòtan ke jamè pandan n ap travay pou satisfè bezwen reyjonal kominote nou yo nan mitan mendèv k ap chanje a ke pandemi sa a kreye. Developman nan espas travay pral rete kle nan pèmèt Nouyòkè yo tounen travay nan asire yo fòme ak pare pou satisfè bezwen sa yo".

**Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare**, "Pandan New York kontinye ap fè avanse objektif anbisye sou enèji vèt Gouvènè Cuomo a, envestisman estratejik nan developman mendèv ak fòmasyon esansyèl pou atire travayè yo nan endistri enèji pwòp, epi prepare anplwaye nan enèji pwòp ki nouvo ak egziste pou rekompans, ak travay ki byen peye. Nan ane pase yo, travay nan enèji pwòp nan New York te devlope nan yon rit ki prèske twa fwa kwasans nasyonal travay nan enèji pwòp ak amelyorasyon konpetans mendèv ki egziste a pandan sa ap kreye yon basen nouvo talan pou opòtinite travay ekolojik alavni se kle pou reyisit New York pandan n ap fè tranzisyon nan yon ekonomi ki net nan kabòn".

**Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare**, "Misyon inebranlab SUNY se pou kontinye dekovri resous ak bati patenarya ki envesti nan mendèv nou ak nesesite fòmasyon nan travay lavni. Nou fyè pou sipòte pwogram sa a epi angajman li pou bay finansman anplis pou elèv nou yo ak plis Nouyòkè. Epi, mwen rekonesan pou patenarya kontinyèl Depatman Travay, Empire State Development, ak Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York la, ak devouman yo pataje ansanm pou nesesite developman mendèv sou kanpis nou an".

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare**, "City University of New York fyè pou fè pati gwooup biznis ak òganizasyon enpresyonan sa a k ap resevwa finansman nan men eta New York, ki pral pèmèt nou bay sipò anplis pou elèv nou yo pou yo kapab jwenn travay ki sou demann nan sektè enpòtan sou dirabilite ak swen sante ki nesesè pou mendèv alavni New York epi pou rekiperasyon apre COVID. Nou remèsyé Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak angajman li nan Inisyativ Developman Mendèv istorik Eta a ki kontinye bay opòtinite ekonomik enpòtan sa yo".

Pandan New York ap kontinye vanse nan pwosesis re-ouvèti a, Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la ap travay pou konekte tout moun k ap chèche travay nan New York avèk bon opòtinite travay la. DOL ankouraje biznis ki bezwen travayè ak Nouyòkè ki bezwen travay, pou pwofite sitwèb Jobs Express li a nan [jobs.ny.gov](http://jobs.ny.gov). Gen plis pase 133,000 òf travay atravè eta a nan antrepriz k ap chèche anboche touswit. Sibvansyon pou developman mendèv sa yo pral ede fòme travayè ki vle akeri konpetans nesesè pou nouvo travay ki gratifyan.

**Harry B. Bronson, ki se Manm Asanble a, te deklare**, "Pandan n ap elwaye efè devastatè COVID-19 la te genyen sou mendèv New York la, nou bezwen kreye opòtinite pou travayè yo reyisi nan mache travay konpetitif sa a ak abòde nesesite travay alontèm nan endistri k ap devlope yo. Pou anpil moun, sa vle di bay travayè yo aksè ak konpetans ki nesesè pou fè konpetisyon. Finansman sa a enpòtan pou asire

Nouyòkè yo soti pi fò ak pi rezistan ke jamè anvan pandan n ap rekonstwi ekonomi New York la".

### **Inisyativ Developman Mendèv Gouvènè Cuomo a**

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a envestisman nan tout Eta a pou Inisyativ Developman Mendèv la nan mwa me 2019 pou sipòte efò estratejik reyonal yo ki ap satisfè bezwen mendèv akoutèm biznis yo, amelyore rezèvwa talan reyonal yo, amelyore fleksibilite ak adaptabilite antite mendèv lokal yo, etann opòtinite aprantisaj yo epi abòde bezwen alontèm endistri ki an developman yo. Fon sa yo pral sipòte tou efò ki ap fèt pou amelyore sekirite ekonomik pou fanm, jèn, ak lòt popilasyon ki ap fè fas a obstak konsiderab ki anpeche yo vanse nan karyè yo. Akòz ijans sante publik COVID-19 ki ankou a ak enpak ekonomik li yo, fon sa yo pral sipòte biznis, kominote, ak travayè yo atravè Eta New York nan retablisman yo.

Depi premye anons prim WDI a nan septanm 2019, apeprè 32 milyon dola prim te anonse pou 278 pwojè k ap benefisye plis pase 18,000 travayè New York. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Developman Mendèv la ak sibvansyon yo ki te anonse jiska jodi a nan [workforcedevelopment.ny.gov](http://workforcedevelopment.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)